*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№36 (26488)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 4 мартъи — тæргæйтты мæйы 4 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ФЕМБÆЛД
*"Мах дуг" – Хуссар Ирыстоны*

3 ХЪÆУТЫ ИСТОРИ
*Ход*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Лæгæй-лæгмæ тохтæ*

**Хицауадæй**

## Ныхас Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путины фæдзæхстытыл

**Куыд зонæм, афтæмæй РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН æрæджы кусæг фембæлд уыд Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир ПУТИНИМÆ. Уый фæдыл Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы 'мбырд сарæзта, уым ныхас цыд, бæстæйы разамонæджы фæдзæхстытæ куыд æххæстгонд цæуынц, ууыл.**



Бæстæйы Хицауад æмæ республикæйы хицаудзинады оргæнты размæ цы хæстæ æвæрд ис, уыдон баст сты Цæгат Ирыстоны социалон къабазы рæзты ахсджиаг фарстатимæ.

Донивылдтытæ æмæ зæйтæ рацæуынæй тас бынæттæй хæрзвадат бынæттæм цæрджыты раивыны тыххæй доклад скодта республикæйы арæзтад æмæ архитектурæйы министры хæдивæг **Тъехты Алан**. Арæзтад æмæ архитектурæйы федералон министрадмæ балæвæрдтой, сæ хæдзæрттæ донивылдтытæй тæссаг бынæтты кæмæн сты, уыцы бинонты номхыгъд.

Ноджы ма пъланы ис Республикон онкологион диспансеры бындурон цалцæг. Йæ раныхасы Тъехты Алан куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ацы аз специалисттæ бацæттæ кæндзысты проектон-сметон документаци. Уымæй уæлдай, бæстæйы Президент бафæдзæхста Дзæуджыхъæуы фондз хиды сцалцæг кæнын. Пъланмæ хаст æрцыд проектон-сметон документаци саразын æмæ хидтæ æмбæлгæ уавæрмæ гæсгæ рацаразын.

Цы фарстатыл цыд ныхас, уыдоны 'хсæн ма уыд регионы бындуронæй рацаразын цæугæдæтты былгæрæттæ. Президенты 2025 азы фæдзæхстытæм гæсгæ фидаргонд цæуынц доны былгæрæттæ Дзуарыхъæуы цур. Дарддæр ахæм фарста лыггонд æрцæудзæн Ногхъæу æмæ Суададжы дæр.

Уæлдай æргом æмбырды уæвджытæ аздæхтой Æппæтдунеон культурон-патриотон центр «Беслан. Школа №1»-ы экспозицийы арæзтадмæ. Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, куыстыты фыццаг хай 2025 азы æххæстгонд кæй æрцыд, уый. Куыстыты дыккаг хай та кæронмæ ахицæн кæндзысты ацы азы майы мæймæ.

Дарддæр ма æркастысты астæуккаг профессион ахуырады къабаз фæбæрзонддæр кæнын, социалон инфраструктурæйы объекттæ саразын æмæ хъæуты льготон ипотекæйы мадзæлттæ фæуæрæхдæр кæныны фарстатæм.

Æмбырды кæронбæттæны Дзанайты Барис республикæйы хицаудзинады оргæнтæм фæсидт, цæмæй сæ хæстæм бæрнондæр цæстæй кæсой, æмæ фæбæрæг кодта, нæ бæстæйы разамонæджы фæдзæхстытæ нæ республикæйы экономикон рæзт æмæ йæ цæрджыты хорздзинадмæ арæзт кæй сты, уый.

– Абон цы фарстатыл цыд ныхас, уыдонæн се 'ппæтæн дæр ис социалон нысаниуæг, æмæ сты ахсджиаг нæ республикæйæн. Уымæ гæсгæ афойнадыл проектон документаци бацæттæ кæнут, цæмæй сыл дарддæр профилон ведомстæтимæ бакусат, – фæбæрæг кодта Хицауады Сæрдар.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Наукæ**

## Хъуыддаджы фембæлд – «Баспик»-ы

**Цæгат Ирыстонмæ балцы æрбацæуæг бæстæйы Физикæ æмæ математикæйы национ центры наукон разамонæг, Уæрæсейы Наукæты академийы академик Александр СЕРГЕЕВ бабæрæг кодта Дзæуджыхъæуы технологион центр «Баспик».**

Академикæн уыд хъуыддаджы фембæлд «Баспик»-ы разамонæг Хъулаты Сослан æмæ Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ректор, экономикон наукæты доктор **Огъуаты Аланимæ**.

Наукон, куыстадон æмæ ахуырадон архайд иугæнæг технологион центр «Баспик» сарæзтой 1991 азы. Æхсæвы уынæн техникæйæн микроканалон пластинæтæ бирæгæйттæй чи уадзы, «Баспик» у иунæг ахæм куыстуат. Центр йæ продукци рæстæгæй-рæстæгмæ барвиты электронон техникæ уадзæг къорд егъау уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг куыстуатмæ, стæй æмгуыст кæны ядерон физикæ æмæ космосон иртасынадты къабазы архайæг раззаг дунеон наукон кусæндæттимæ.

Нырыккон æмвæзадыл физикон диагностикæ æххæст кæныны фадат кæй фæрцы ис, куыстуаты наукон æмæ технологион лабораторитæ ифтонггонд сты ахæм ног кусæнгарзæй (адоны 'хсæн – электронон æмæ атомон микроскоптæ, масс-спектрометртæ, стæй вакуумон ифтонггæрзтæ).

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты пресс-службæ**



**Цæлхæмбырд**

## «Нæ Фыдыбæстæ дыууæ дихы нæ кæнæм...»

**Хуссар Ирыстоны Президент ГАГЛОЙТЫ Алан фембæлд РЦИ-Аланийы официалон минæвар Хъырымы Республикæ æмæ федералон ахадындзинадимæ горæт Севастополы САУЛАТЫ Валери æмæ æхсæнадон змæлд «Ирæтты уæлдæр совет»-ы уæнгтимæ. Цæгатирыстойнæгтæ Цхинвалы сæмбæлдысты цæлхæмбырды бацархайыны тыххæй.**



Ацы ахсджиаг фембæлды архайдта Хуссар Ирыстоны æртыккаг Президент **Тыбылты Леонид**, ныртæккæ хуссарирыстойнæгты «Ирæтты уæлдæр совет»-ы хайады сæрдар. Гаглойты Алан куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй арæх ныхас кæны Тыбылты Леонидимæ, хъуыдыты сæ æфтауы нырыккон, тагъд ивгæ дуне. «Хистæрты фæрсын кæддæриддæр ирæттæм растыл нымад уыд, æхсæнадон змæлд хистæртæ хорз æнкъарынц, раттынц æмбæлгæ уынаффæтæ», – загъта Гаглойы-фырт.

Хуссар Ирыстоны Президент куыд радзырдта, афтæмæй Цхинвалы сæмбæлдысты цæлхæмбырды фæдыл. «Уæрæсейы Президенты уынаффæйæ 2026 аз нымад æрцыд Уæрæсейы адæмты иудзинады азыл. Йæ нысан у адæмты 'хсæн национ иудзинад, æнгомдзинад, сабырдзинад æмæ разыдзинад сфидар кæнын. Мах та стæм Уырыссаг дунейы хай, æмæ нæ фидæн уынæм Уæрæсеимæ. Стæм æфцæджы фæйнæ фæрсты цæрæг иу адæм, нæ Райгуырæн бæстæ дыууæ дихы нæ кæнæм», – фæбæрæг кодта Президент.

Тыбылты Леониды ныхасмæ гæсгæ, æрыгон республикæмæ æнхъæлмæ кæсынц стыр æнтыстытæ. «Æхсæнадон змæлд æвзары алыхуызон фарстатæ, тыхстдзинæдтæ. Нæ цæгатаг æфсымæртæ æппынæдзух нæ фарсмæ сты, се 'ххуыс сын æнкъарæм, нæ уæлахизтыл нын цин кæнынц», – радзырдта Тыбылы-фырт.

Ахæм зæрдæбын фембæлды тыххæй Саулаты Валери бузныг загъта фысымтæн. Йæ ныхасмæ гæсгæ, ныр 43 азы цæры Хъырымы, фæлæ йæ зæрдæ та кæддæриддæр Ирыстоны ис.

Саулайы-фырт куыд бахахх кодта, афтæмæй алцыдæр аразынц, цæмæй адæмты 'хсæн уа иудзинад æмæ æнгомдзинад. РЦИ-Аланийы официалон минæвар Хъырымы Республикæйы Гаглойты Аланæн ратта, æдасдзинады службæты – «ВЧК КГБ ФСБ-Дзержинскийы майдан», йе 'хсæнадон куысты та бæрнон æмæ быхсон куыд уа, уыцы арфæтæ йын ракодта. Фембæлды кæрон уазджытæ Гаглойыфырты къухæй райстой «Хуссар Ирыстоны 35 азы тыххæй» майдантæ.

Уый фæстæ уазджытæ æмæ фысымтæ æрбадтысты цæлхæмбырды. Йæ архайджытæ уыдысты наукæйы, æхсæнады, сфæлдыстады, фæсивæды минæвæрттæ. Хуссар Ирыстоны Президенты паддзахадон уынаффæгæнæг **Беджызты Батрадз** паддзахады разамонæджы номæй бакаст арфæйы фыстæг. Парти «Иудзинад»-ы сæрдар **Кокойты Зураб** куыд радзырдта, афтæмæй цæлхæмбырдæн историон æмæ культурон ахадындзинадæй уæлдай, ис ноджы вазыгджындæр бындуртæ.

«Нæ абон æмæ нæ фидæн цавæр уыдзысты, ууыл хъуамæ 'рдзурæм. Ирыстоны кой скæнгæйæ, зонæм, æнусты дæргъы Уæрæсейы Федерацийы бирæнацион адæмы иу хай кæй у, уый. Æрмæст иумæйаг арæн нæ нæ баиу кодта, фæлæ иумæйаг истори. Нæ тых нæ иудзинады кæй ис, уыцы ныхас дзаг у бирæвæрсыг хъуыдытæй», – загъта Кокойы-фырт. Цæлхæмбырды нысан у адæмыхæттыты 'хсæн нывыл ахастытæ, хæлардзинад фидар кæнын. Хъуыддаг бантыст политикон парти «Иудзинад»-ы руаджы, политикон парти «Ныхас»-ы архайдæй.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы бæрнон кусæг **Бигъуылаты Людмилæ** йæ раныхасы куыд загъта, афтæмæй Цæгат æмæ Хуссар Ирыстон сты иу адæм, æрбаиу сæ кодтой иумæйаг истори, культурæ, традицитæ, дарддæры рæзтæн хорз ахъаз фæуыдзæн æмгуыстад. «Ныртæккæ ахæм регионтæ нал ис, æмæ дзы æрмæст иунæг адæмыхатт цæра. Фæлæ тыхджындæр уымæй стæм. Нæ кæстæрты иумæ хъомыл кæнæм, иумæ у нæ фæллой дæр, кусæм, патриотон хъомылад æххæст кæнæм. Æппæт уыдæтты ис адæмы тых», – загъта Бигъуылаты Людмилæ.

**(Информацион агентад "Рес")**

**Адæмон газет**

## Рафыссæм «Рæстдзинад»!




**Ахицæн 2026 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау та ныр дæр «Рæстдзинад»-ы иузæрдион кæсджытæ рафыстой сæ уарзон газет. Иннæтæн хъусын кæнæм, ныр дæр ма газет рафыссæн кæй ис, уый. Уыимæ, ацы мæй «Рæстдзинад» чи рафысса, уый йæ исын райдайдзæн апрелы.**

**«Уæрæсейы пост»-ы цæгатирыстойнаг хайады куыд фехъусын кодтой, афтæмæй 2026 азы фыццаг æмбисы æртæ мæйæн газет «Рæстдзинад» рафыссыны аргъ у 724 сомы æмæ 23 капеччы. Уыимæ, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 590 сомы æмæ 37 капеччы.**

**Посты бастдзинады хайад ма куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газет рафыссæн ис æмгъыдæй раздæр, йæ аргъ у 1448 сомы æмæ 46 капеччы. Уыимæ, льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1180 сомы æмæ 74 капеччы.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ! Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

### Дзырды фарн

***Лæг рæсугъд уагæй фидауы...***

*ÆГЪУЫЗАТЫ Иуане*

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **4 мартъийы** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **0 – 2 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 11,20 | Хурыскаст — 06,34<br>Хурныгуылд — 17,54 | Валютæйы аргъ | Доллар — 77,17<br>Евро — 90,73 | 12 + |

Федерацийы Советæй

# Закъоны проект бавдыста

**УФ-йы Федерацийы Советы уыд федеративон арæзтады, регионалон политикæйы, бынæттон хиуынаффæйад æмæ Цæгаты хъуыддæгты комитеты уæрæхгонд æмбырд.**



Цæгат Ирыстонæй сенатор **Виталий Назаренко** раныхас кодта федералон закъоны проекты фæдыл. Парламентари кæй бавдыста, уыцы закъоны проекты хæс у культурон бынты хъахъхъæнынад æмæ хайон арæзтады къабæзтæм цæстдарæг къорд нормативон актмæ бæлвырд ивддзинæдтæ бахæссын.

Кæй бавдыстæуыд, уыцы ивддзинæдты 'хсæн сты:

– культурон бынты объекты регистрацион номыр æмæ, ацы объекты хицау æй кæй хъуамæ хъахъхъæна, уый тыххæй хъусынгæнинаг номхыгъды æнæмæнг амонын (ацы æууæлы фæрцы алы хайадисæгæн дæр уыдзæн æлхæнинаг объекты уагæвæрд æмæ ацы объекты хицæндзинæдтæ бæлвырд рахатыны фадат);

– территори бабиноныг кæныны фæдыл документтæ æнæмæнг бацæттæ кæнын (территори иумæйагæй кæй рæздзæн, стæй дзы адæмæн хъæугæ социалон æмæ транспортон фæрæзтæ кæй уыдзæн, амынд æууæл уыдæттыл дзурæг у).

– Нæ историон бæстыхæйттæ цæмæй биноныг хъахъхъæд уой, стæй, адæм ацы бæстыхæйтты цæмæй удæнцой уагæй æмæ æдасæй цæрой, уыдæттыл архайæм. Культурон бынтæ цæмæй хъахъхъæд цæуой æмæ нæ горæттæ æнæкъуылымпыйæ цæмæй рæзой, ацы закъоны проект уыдæттæн ахъаз кæны. Ацы федералон закъон æвæджиауы культурон бынтæ хъахъхъæнынæн æмæ цæрæнуæтты арæзтадыл инвестицитæ хардзгæнæг адæмæн зæрдæдарæнтæ бавдисынæн кæй фæпайда уыдзæн, уый мæ уырны, – загъта Виталий Назаренко.

**ÆЛБОРТЫ Зæлинæ**

Фембæлд

# «Мах дуг» – Хуссар Ирыстоны

**Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты разамынд, ахуыргæнджытæ, республикон дзыллон хабархæссæг фæрæзты разамонджытæ, студенттæ, наукон кусджытæ фембæлдысты Цæгат Ирыстоны рагондæр литературон журнал «Мах дуг»-ы редактор ХЕТÆГКАТЫ Оксанæимæ.**



Уазæгæн «æгасцуай» зæгъгæйæ, университеты ректор **Тедеты Вадим** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Хуссар æмæ Цæгаты 'хсæн культурон æмæ информацион бастдзинæдтæ фидар кæнын нымайы университеты сæйрагдæр хæстæй иуыл. «Хуссар Ирыстоны университет кæддæриддæр архайы национ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ рафыссыныл, уыимæ канд Хуссары нæ, фæлæ цæгатирстойнаг газеттæ æмæ журналтæ дæр. Университеты кæсæн залы сæ ссарæн ис, агурынц сæ ахуыргæнджытæ æмæ студенттæ дæр», – загъта ректор.

Йæ ныхасмæ гæсгæ, а фæззæг Хуссар Ирыстон хъавы дзыллон хабархæссæг фæрæзты разамонджыты иумæйаг цæлхæмбырд саразын. Уым хъуамæ сæмбæлой журналисттæ, ахуыргæндтæ, фидæны уацхæсджытæ-студенттæ. Рæгъмæ хъуамæ рахæссой нырыккон прессæйы тыхстаг фарстатæ, æнтыстытæ. «Фæнды нæ, цæмæй хуссайраг æмæ цæгатаг редакцитæ æнгом æмгуыстад кæной», – бафиппайдта Тедеты Вадим.

Университеты уырыссаг филологийы декан **Бекъойты Иринæ** куыд радзырдта, афтæмæй электрон медиа-фæрæзтæ хабæрттæ рæвдз фæхæццæ кæнынæй уæлдай аивтой хабæрттæ бамбарыны культурæ дæр. «Интернет-фæрæзтæ рæгъмæ хæссынц сæхи фæтк дæр. Хызтæм хабæрттæ куыд рæвдз хæссынц, уый зынгæ тагъддæр у газет рауадзынæй. Фæзынд фæрæз бакæсыны зындзинад, нал дзы зыны аналитикон бавнæлд, æнæ уымæй та мыхуыргонд фæрæзæн тынг зын у фæцæрын», – фæбæрæг кодта декан.

Бекъойты Иринæ йе 'ргом аздæхта фæрæзтæ рафыссыны хъуыддагмæ дæр. Кæд æмæ Хуссар Ирыстоны дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ дзæвгар бынат ахсынц, уæддæр фæзынд тыхстаг фарста: рафыссынц сæ кусæндæттæ, хицæн адæймæгтæ сæхи бар азадысты. «Мах хъуыдымæ гæсгæ, национ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæн сæ бынат у алы бинонты 'хсæн. Уыдоны руаджы бахъахъхъæнæн ис мадæлон æвзаг, културæ, æмæ студенттæм уыцы хъуыдытæ хæссæм, æмбарын сын кæнæм медиа-фæрæзты ахадындзинад», – загъта Иринæ.

Ныхас адарддæр кодта «Мах дуг»-ы редактор, уый æрлæууыд журналы рацарæзтыл. Хетæгкаты Оксанæ куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй административон арæнтæ хъуамæ иумæйаг сфæлдыстадон куыстыл ма ахадой. «Кæд æмæ редакци Дзæуджыхъæуы ис, уæддæр журналы мыхуыргонд цæуынц хуссайраг автортæ дæр. Махæн хуссайраг æрмæджытæ свæййынц национ дзырды иумæйаг бавæрæны хуызы», – загъта Оксанæ.

Курдиатджын адæмæн разæнгарды хуызæн ссис «Мах дуг»-ы литературон премi, редактор фæсидт студенттæм, цæмæй сæрæнæй бавналой сфæлдыстадмæ. Æппæты кæстæртæн та араздзысты зæрдаивæй кæсыны ерыс «Базыртæ». «Мах дуг»-ы разамонæг æрныхас кодта фидæнмæ нысантыл, уыдонимæ – Галуанты Людмилæйы райгуырды 90 азы мысæн бон 2027 азы.

Кæронбæттæны бынæттон дзыллон хабархæссæг фæрæзты разамонджытæ сæ хъуыдытæ, хатдзæгтæ загътой, фæбæрæг кодтой фæрæзтæ рафыссыны ныллæг бæрæггæнæн. Æрхастой уавæр фæхуыздæр кæныны фæндæттæ.

**ХЪАБАНТЫ Дианæ**

Алагиры районæй

# Сæ куыстæн дзуапп дæттынц

**Дæ цард æнæматæй, сабырæй, æнæмастæй куы æрвитай, уæд æй зон: уыдæттæ сты дæ цæрæнбынатыл дзуапдæттæг пъæлицæйы æххæстбарджыны фæрцы, ома, участковыйы руаджы. Дæхæдæг дæр хъуамæ закъоны домæнтæм гæсгæ цæрай, макæй тыхсын кæнай, æмæ уæд дæ цард дæхи фæндиаг уыдзæн.**

Алагиры районы пъæлицæйы æххæстбарджын участковыйтæн райдыдта дзуапп дæттыны рæстæг. Уыимæ сæ куысты тыххæй дзырдтой цæрджыты цур, районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы бæстыхаймæ æрбацыдысты мидхъуыддæгты хайады разамынд – хайады хицауы хæдивæг, пъæлицæйы дæлбулкъон **Лолаты Зауырбег**, паддзахадон автоинспекцийы хицау, пъæлицæйы капитан **Гуырцъыты Сослан**, лицензион-бардæттæг куысты разамонæг, пъæлицæйы капитан **Атайты Аслан.**

Раздæр уал Лолайыфырт æрбацæуæг адæмæн бузныг загъта, ахæм æмбырдтæм кæй цæуынц, уый тыххæй. Йæ ныхасмæ гæсгæ, фарон Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады разамынд фæтынгдæр кодтой фыдракæдтæ æмæ барадхæлдтытимæ тох. Сæ куыст 2025 азы куыд рауад, адæм цæмæйты тыхсынц, фыдракæндтимæ тох куыд цыдис, уыдæттыл дзырдтой пъæлицæйы хистæр лейтенант **Мадзаты Ацæмæз** æмæ пъæлицæйы лейтенант **Сихъоты Игорь.**

Æхххæстбарджынтæ бæстон радзырдтой сæ куысты æппæт фæзилæнты тыххæй, уæлдай æргом аздæхтой фыдракæндтæ æмæ барадхæлдтытимæ тохы мадзæлттæм, фыдракæнд не 'руадзыны хъуыддæгтæ нымад æрцыдысты сæйрагдæрыл. Ныхас рауад æнæхицау куиты уавæрыл дæр – адæмы тынг тыхсын кæнынц ацы æнæхæдзар цæрæгойтæ. Мадзаты Ацæмæз æмæ Сихъоты Игорь æрхастой сæ бæрæггæнæнтæ, цы хæстæ сыл æвæрд æрцыд, уыдон куыд бантыстысты, уыдоныл дзурæг хатдзæгтæ.

Наркотикон æмæ психотропон фæрæзтæ парахат кæнын стыр бæллæх кæй у, уый дæр зындгонд у адæмæн, уымæ гæсгæ пъæлицæйы участковыйтæ фæсидтысты цæрджытæм, цæмæй æмхуызонæй слæууой ацы бæллæхи ныхмæ. Адæмы тыхстаг фарстатæ дæр рохуаты нæ баззадысты, куысты бынæтты кадавардзинад æмæ фосæн гæстæ ссарыны хъуыддаг ныртæккæ зын у. Афтæмæй хъæуты цæрджытæ æййафынц стыр къуылымпытæ, царды уæз æнкъарынц. Стыр æргом ацы ран аздахын хъæуы фæсивæдмæ, «рог æхца»-йы азары бахауынц, сæ раст фæндагæй рахизынц зылын фæндагмæ.



ЛОЛАТЫ Зауырбег æмæ ГУЫРЦЪЫТЫ Сослан

Районы автоинспекцийы хицау **Гуырцъыты Сослан** дзырдта ивгъуыд азы бæрæггæнæнтыл, фæндæгтыл æрцыд бирæ транспортон бæллæхтæ. Гуырцъыйы-фырт фæсидт, цæмæй хистæртæ сæ кæстæртимæ æмбарынгæнæн куыст кæной, сæ кæстæрты хизой фæндаггон бæллæхтæй. Æрбацæуæг адæммæ цы фарстытæ уыд, уыдонæн райстой æххæст дзуаппытæ. Сæ участковыйтæм равдыстой æууæнк, сæ куыстæй разыйæ баззадысты.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

Хæсты азæлд

# Нæ хъæбатыр æмзæххон

**Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман фашистон цагъардзинадæй дуне чи аирвæзын кодта, дзыллæтæй уыцы советон адæмы æнæмæлгæ сгуыхтдзинæдтæ æмæ хъæбатырдзинад рох нæу. Нæ бæстæйы æфсæддонтæ тохы быдыры цы æхсардзинад æмæ удуæлдайдзинад равдыстой, ууыл ныффыстой мидисджын литературон уацмыстæ, систой сыл алыхуызон кинонывтæ.**

Зындгонд фыссæг, поэт æмæ æфсæддон уацхæссæг Константин Симонов цы æвæджиауы телепроект – «Солдатские мемуары» амыдта, уый хистæр фæлтæр сæ зæрдыл дарынц.

Программæйы арæх архайдтой Намысы ордены æххæст кавалертæ. Уыдонæй иу уыд мæздæггаг Илья Михаилы фырт Сергеев. Не 'мзæххонæн ахæм стыр кад кæй скодтой, уыцы заман æз – Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты студенткæ – уымæй сæрыстыр уыдтæн.

Фæстæдæр йемæ базонгæ дæн, уымæй уæлдай, Илья Сергеев Кировы номыл колхозы сæйраг бухгалтерæй кæм куыста, æрвылбон иумæ куыстмæ цыдыстæм Киевскæйы ахæм хъæумæ. Скъолатæ æмæ хъæуты арæзт дзыллон мадзæлтты арæх чи архайдта, адæм уыцы куырыхон, зæрдæхæлар, цыргъзонд Илья Сергеевæн стыр кад кодтой. Ссæдзаздзыдæй Намысы ордены æххæст кавалер (уый та нымад у Советон Цæдисы Хъæбатыры каджын номыл) суæвæг не 'мзæххоны нымайын таурæгъон адæймагыл.

Райдыдта 1945 аз. Советон æфсæддонтæ кæм архайдтой, уыцы хæстытæ систы ноджы карздæр. Хæрзиуæгмæ Ильяйы бавдисыны фæдыл сыфы фыст уыд: «1945 азы 22 январы горæт Нове-Местомæ 'ввахс хæсты архайгæйæ, Сергеев йæ танчы сармадзанæй басыгъта рæсæны æвæрд дыууæ фашистон танчы «Пантера»-тæ, стæй ныццагъта знаджы æртын æфсæддоны бæрц. Танчы фæцæфуæвæг командæгæнæджы баивгæйæ, Сергеев архайдта дарддæр хæсты».

1945 азы 10 апрелы Советон Цæдисы Сæйраг Советы Президиумы уагъд указмæ гæсгæ, знаджы ныхмæ тохы рæстæг æвдыст æхсары тыххæй гвардийы хистæр сержант Илья Сергеев хорзæхджын æрцыд Намысы фыццаг къæпхæны орденæй. Гермайнаг горæт-фидар Данциг (ныртæккæ ацы горæт Гданьскы номимæ хауы Польшæмæ) байсыны фæдыл тугкалæн хæстыты архайæг Ильяйæн йæ къах уæззау цæф фæци. Уæлахизы тыххæй хабар хъæбатыр сырхæфсæддон фехъуыста Саратовы облæсты горæт Энгельсы æфсæддон рынчындоны.

Зындгонд фыссæг, раздæры æфсæддон уацхæссæг Константин Симонов центрон телеуынынады хæсты тыххæй цы документалон киноныв – «Шел солдат...» амыдта, Илья Сергеев уым архайгæйæ, загъта: «Уæлахизы хабар дзыллæтæм сæвзæрын кодта цин æмæ уыцы-иу рæстæг хъыджы æнкъарæнтæ. Дыууын æвдæм фистæгæфсæддон полчъы артиллеристæй службæ кодта мæ фыд. Кæй фæмард, уæлахизы хабар фехъусыны размæ, уый зыдтон. Хæсты быдыры кæй бинойнæгтæ бацарæфтыд сты, уæлахизыл цингæнæг уыцы зианджын сылгоймæгты уынд мæм уæззау æнкъарæнтæ æвзæрын кодта...»

1945 азы 15 майы гвардийы хистæр сержант, Намысы ордены æххæст кавалер Илья Сергеев æфсадæй æрцыд демобилизацигонд. Амынд ордентæй уæлдай, знаджы ныхмæ тохы рæстæг лæгдзинад равдисæг не 'мзæххон хорзæхджын æрцыд дæс хæстон майданæй. Мæздæггæгтæ хæсты хъæбатыр архайæг, Павлодольскæйы станицæйæ рацæуæг Илья Сергеевы æхсызгонæй æрымысынц.

2000 азы 4 майы горæты администрацийы уынаффæмæ гæсгæ нæ хъæбатыр æмзæххон кæм цард – Мæздæджы Соколовскийы уынджы 27-æм хæдзары, уый къулыл кадджын уагæй байгом кодтой номарæн фæйнæг. Дзыллон мадзалы архайдта Ильяйы чызг, Ботъиты чындз **Валентинæ** дæр. Цытджын уæлахизы юбилейы агъоммæ номарæн фæйнæг сног кодтой.

2018 азы Киевскæйы хъæуæй рацæуæг, зындгонд амалиуæггæнæг Владимир Лещинский кадджын æмбырды рæстæг байгом кодта номарæн фæйнæджытæ йе 'мхъæуккаг, Намысы ордены æххæст кавалер Николай Александры фырт Мартыненко æмæ бирæ азты дæргъы Кировы номыл колхозы сæйраг бухгалтерæй бакусæг Илья Сергеевæн.

– Ацы номарæн фæйнæджыты фæрцы æз кад кæнын нæ бæстæ фашистон тыхгæнджытæй бахъахъхъæнæг хъæбатыртæн, – загъта Лещинский.

Илья Сергеев æмæ Николай Мартыненкойы хæстæджытæ Владимирæн загътой бузныг.

Павлодольскæйы станицæйы цæрæг адæм сæ дыууæ зындгонд æмхъæуккагæй – Советон Цæдисы Хъæбатыр Иван Яковы фырт Филько æмæ Намысы ордены æххæст кавалер Илья Михаилы фырт Сергеевæй сæрыстыр сты. Алы стыр горæт дæр ахæм æнтыстдзинад нæ равдисы. Ильяы Сергеевы ном Павлодольскæйы уынгтæй иуæн раттын кæй æмбæлы, уый тыххæй хабар станицæйы разамындæн цалдæр хатты фехъусын кодта Мæздæджы бæстæзонæн музей. Фарон Цытджын Уæлахизы юбилейы агъоммæ музейы кусджыты курдиат æххæстгонд æрцыд. Фыдыбæстæ фашистон цагъардзинадæй бахъахъхъæнæг хъæбатыр сырхæфсæддонты нæмттæ æнусмæ нæ зæрдæты цæрдзысты.




Константин СИМОНОВ æмæ Илья СЕРГЕЕВ

**ЧЕЛДЫТЫ Симæ, Мæздæджы бæстæзонæн музейы директор**

Хъæуты истори

# Ход

**Уæлладжыры комы Ходы хъæуы историйы тыххæй алыхуызон æрмæджытæ фыст æрцыд. Æрæджы ма æз дæр ацы хъæуы историйы тыххæй иу æрмæг ссардтон, мæ фыд, йæ рæстæджы зындгонд журналист ХОДЫ Дзаххотты гæххæттыты ‘хсæн.**

Дзаххотмæ та ацы æрмæг æрбахауд, мидбæстон хæсты архайæг, партизан, ходыхъæуккаг Едзиты Дæхцыхъойы фырт Уыгъалыхъæй.





Уыгъалыхъ æрæмбырд кодта ацы æрмæг æмæ йæ Дзаххотмæ ратта, цæмæй йыл гыццыл литературон æгъдауæй бакуыстаид, уый тыххæй. Историон æгъдауæй у цымыдисаг.

Едзиты Уыгъалыхъ куыд фыссы, афтæмæй Ход æрбынат кодта Садон æмæ Уæллаг Зджыдмæ ‘ввахс. Æрмæст, хъæуы ном, Ход, кæцæй равзæрд, уый бæрæг нæу. Ныртæккæ Ход цы ран ис, уым фыццаг æрцард Хъайтыхъ.

1903 азы ходыхъæуккæгтæ Едзиты Умар æмæ Хъайтыхъты Хуысины ныхæстæм гæсгæ, ныртæккæ Ход кæм ис, уыцы бæстыхайы XVII æнусы райдайæны ничи цард. Едзиты Умар æмæ Хъайтыхъты Хуысин та уыцы ныхæстæ фехъуыстой, сывæллæттæ ма куы уыдысты, уæд, Ходы цæрæг зæронд лæгтæй.

Хъайтыхъ, таурæгъ куыд зæгъы, уымæ гæсгæ фæтудждзын Кæсæджы Науырызты мыггагимæ æмæ ралыгъд Дыгургоммæ.

Хъайтыхъ-иу арæх цыдис цуаны. Иу заман уый саг амардта, ныртæккæ Ход кæм ис, уыцы ран.

Хъайтыхъыл уым æризæр, саджы дзидзайæ йæхицæн физонæг акодта, æхсæвæр бахордта æмæ æхсæвиуат уыцы ран, суадоны раз, бакодта.

Сæумæрайсом фестад, йæхи ныхсадта, саджы фыдæй та йæхицæн физонæг акодта, Хуыцаумæ скуывта æмæ аходæн бахордта.

Фæстагмæ Дыгургоммæ æрцыд Уæлладжырæй æмæ йæ хæстæджытимæ бауынаффæ кодта, цæмæй Уæлладжыры коммæ ралыгъдаиккой.

Дыгургомæй Уæлладжырмæ куы слыгъдысты, уæд сæхицæн хæдзæрттæ аразын райдыдтой. Ходы цæрæг зæронд лæгтæ куыд дзырдтой, уымæ гæсгæ Хъайтыхъ сарæзта дыууæуæладзыгон хæдзар æмæ стыр мæсыг. Аразгæ та сæ кодтой грекъаг араз-джытæ, баххуырста сæ Хъайтыхъ.



1670 азы Хъайтыхъ хъуыддаг бакодта. Ракуырдта чызг Бады хъæуæй, йæ ном хуындис Дзерассæ.

1672 азы Хуыцау Хъайтыхъ æмæ Дзерассæйы схорзæхджын кодта фыртæй. Уымæн раттой ном, Джиуæр, стæй ма сын фондз азы фæстæ 1677 азы райгуырд чызг Тамарæ.

Хъайтыхъы фырт Джиуæрыл 23 азы куы сæххæст, уæд ын 1695 азы хорз чындзæхсæв скодтой. Хъыгагæн, йе ‘мкъайы ном бæрæг нæу.

Фæлæ, Ходы хъæуы хистæрты ныхæстæм гæсгæ, уыдонæн райгуырд фондз фырты: Дзиго, Дауыт, Додта, Тедто æмæ Теде сæ фыдыфыд Хъайтыхъæн аккаг лæгтæ систы.

Дзиго, Дауыт æмæ Додтайы байзæддæгты иу хай ныртæккæ дæр ма Хъайтыхътæй фыссынц сæхи, фæлæ Тедто æмæ Тедейы байзæддæгтæ сæхи фыссынц Тедтойтæ æмæ Тедетæй. Æмæ уæддæр абоны онг дæр зонынц, тынг хæстæг кæй сты, уый, æмæ сæ хæстæгдзинад нæ рох кæнынц.

Хъайтыхъты Дзиго, Дауыт æмæ Додтайы байзæддæгтæй дæр цалдæр мыггаджы рацыд — Дзиготæ, Дауыдтæ, Додтатæ. Уыдонæй та — Гæдотæ, Тамбитæ, Бадриатæ, Дзамбабайтæ, Уачъитæ æмæ Танделатæ.

Æрыдон æмæ Заманхъулы цæрæг Бадриатæ ацы мыггаг фыссын райдыдтой 1835 азæй фæстæмæ.

Ноджыдæр ма Хъайтыхъты мыггагæй Дыгуры 1848 азы равзæрдысты ног дыууæ мыггаджы — Дзансолтæ æмæ Хуадонтæ.

Хуадонтæ дæр Ходæй сты, фæлæ дыгурон диалекты æгъдæуттæм гæсгæ фыссынц Хуадонтæй. Ноджы ма Ходæй рацæуджытæй Дыгуры сæвзæрд мыггаг Хабитæ.

Дзансол Хъайтыхътæй уыд, фæлæ Ходы хъæуæй Дыгурмæ куы ралыгъд, уæд æрцард Хæназы, æмæ йæ байзæддæгтæ Дзансолтæй фыссын райдыдтой сæхи. Ацы мыггæгтæ сты Хъайтыхъы байзæддæгтæ.

Хъайтыхъы фæстæ Ходмæ Нузалæй слыгъд Дзугко. Уымæн уыдис авд фырты: Созо, Гази, Тъæрой, Кæрæджи, Сугар, Гага æмæ Бæбæтт. Дзугкойтæ цардысты Ходы хъæуæн йæ хуссар-скæсæнæрдыгæй хицæн сыхæй. Дзугкойтæн уыдис мыггаджы мæсыг, йæ бæрзæнд уыд 15 метры.

Ходмæ Дзугкойты фæстæ æртыккаг æрбалыгъд Тъæрæсоны фырт Едзи.

Едзи райгуырд 1683 азы Куырттаты комы Лæцы хъæуы. Уыдис ын æртæ æфсымæры: Хабæ 1680 азы гуырд, Едзо 1686 азы гуырд æмæ Дула 1689 азы гуырд.

Лæцы хъæуы сын уыдис дыууæуæладзыгон хæдзар, цардысты хъæуæн йæ хуссар-ныгуылæнæрдыгæй. Сæ фыд Тъæрæсон куы амард, уæд уымæй гыццыл фæстæдæр цыдæр хъаугъайы аххосæй æфсымæртæ Лæцæй ралыгъдысты.

Едзийы æфсымæртæ Хабæ æмæ Едзо Дæргъæвсы æрцардысты æмæ сæ нæмттæм гæсгæ сæ мыггæгтæ Хабæтæ æмæ Едзойтæй фыссын райдыдтой.

Сæ кæстæр æфсымæр Дула йæ фыдымадимæ Лæцы баззад, 10 азы йедлийы æмæ йæ мыггаг фыста Езиев, зæгъгæ, афтæ.

Хъайтыхъ, Дзугко æмæ Едзийы фæстæ Ходмæ Дыгурæй æрбалыгъд цæдæмæ йыл нæ цыд, афтæмæй. Лæцы цæргæйæ, Дулайы байзæддæгтæ Дулаты мыггаг баисты.

Едзи та ралыгъд Стыр Мызурмæ æмæ Сохиты Æрæфы хæдзары æрцард хъаны хуызы.

Сохитæм Едзи фæцард дыууæ азы дæргъы. Едзийыл 26 азы куы сæххæст, уæд ракуырдта Хъайтыхъы чызг Тамарæйы 1709 азы.

Уыцы хъуыддаджы йын, æхцайæ зæгъай, æндæрæй, стыр æххуыс бакодтой Сохитæ.

Уæдæй фæстæмæ Едзи Ходы хъæуы цæрын райдыдта Тамарæимæ.

Едзи æмæ Тамарæйæн райгуырдис æртæ сывæллоны: Сæмæрза, Аиппмæрза æмæ Хура. Уыдис сын Ходы хъæуы астæу æртæуæладзыгон хæдзар. Сарæзтой йæ Хъайтыхъы мæсыджы раз.

Афтæ, Тъæрæсоны байзæддæгтæй рацыд цыппар мыггаджы: Едзитæ, Едзойтæ, Хабæтæ æмæ Дулатæ. Æмæ абоны онг дæр Тъæрæсоны байзæддæгтæ рох нæ кæнынц сæ хæстæгдзинад.

Фæстæдæр Едзиты Дзаттейы фырт Атахъул 1828 азы Дыгургоммæ ралыгъд æмæ æрцард Гæлиаты. Уыдис ын цыппар фырты: Бадзихъо, Мырзабег, Темырыхъо (уыдон сæ мыггаг фыстой Едзетæй, дыгурон æвзаджы æвæрдмæ гæсгæ). Цыппæрæм æфсымæры ном бæрæг нæу, фæлæ уый та алыгъд Цæцæнмæ, æрцард Шарынмæ Гате, йæ байзæддæгтæ сæ мыггаг фыстой Гатетæ. Цардысты Ходы хъæуæн йæ хуссар-ныгуылæнæрдыгæй.

Саухал уыдис фæндзæм, Ходмæ чи æрбалыгъд, уыдонæй. Æрбалыгъд Стыр Кæсæгæй. Уый дæр фæтудждзын Кæсæджы, Шакманты мыггагимæ æмæ, йæ цæрæнбынат ныууадзгæйæ, Ходы æрцард. Афтæ уыдон дæр Саухалтæ систы. Саухалæн йæ иу фырт Едза дæр йæ номмæ гæсгæ йæ байзæддæгтæ сæхи фыссын райдыдтой Саухалтæй нæ, фæлæ Едзатæй. Фæлæ уæддæр се ‘фсымæрдзинад Саухалтимæ нæ рох кæнынц.

Саухалты фæстæ æхсæзæм, Ходмæ Дагомæй æрбалыгъдысты Джерджитæ æмæ сæхи фыссынц Гергитæй. Гергитæ ‘рвадиуæг кæнынц Адырхатæ æмæ Катаутимæ.

Æппынфæстаг, Ходмæ æрбалыгъдысты Созайтæ. Цардысты хъæуы астæу скæсæнæрдыгæй.

Æмæ ныр куыд уынæм Едзиты Уыгъалыхъы фыстæгæй, афтæмæй Ходы цардысты аст бындурон мыггаджы: Хъайтыхътæ, Дзугкойтæ, Едзитæ, Гатетæ, Саухалтæ, Едзатæ, Гергитæ æмæ Созайтæ. Хохы Ходы хъæу Уæлладжыры хъæуты ‘хсæн се ‘ппæтæй стырдæр уыд. 1851 азы 43 æнæуæрст хæдзары бинонты нымæц уыди 526 адæймаджы, 1902 азы — 965 адæймаджы. 1962 азы Ходы хъæуы уыди 25 хæдзары, цæрджыты нымæц та — 125 адæймаджы.

Рæстæг куыд цыд, æмæ цард куыд ивта, уымæ гæсгæ алы рæстæджыты Ходы хъæуы цæрджытæ дæр сæ цæрæн бынæттæ раивтой æндæр рæттæм æмæ æрцардысты, сæ иутæ — Бæтæхъойыхъæуы (1848 азы), Елхоты (1849 азы), Æрыдоны (1854 азы), иннæтæ та — Чырыстонхъæуы (ныртæккæйы Дигорайы 1864 азы), Къора-Урсдон æмæ Хъарман-Сындзыхъæуы (1902-1910 азты), Сырх Ходы та — (1928 азы).

**ХОДЫ Тамерлан,**
**(«Рæстдзинад»-ы архивæй),**
**къамтæ систа Алина АКОЕФФ**

Не ‘мдугонтæ

# Æнусон фарн

**Йæ цардвæндагыл фæллойады сгуыхтдзинæдтæ, сфæлдыстадон æмæ æхсæнадон архайды æнтыстдзинæдтæ равдисын кæмæн бантыст, ахæм адæймаг у Алагиры кадджын ветеран, фæллойы ветеран, æхсæнады сæрæн архайæг, хæдахуыр поэт, цалдæр паддзахадон хæрзиуæджы хицау ГАМАТЫ Габойы фырт Иван.**



Иван райгуырди 1931 азы Мамысоны, Калачы хъæуы хуымæтæг фæллойгæнæг бинонты ‘хсæн. Раджы баззад æнæ фыдæй. Сидзæргæс мад йæ дыууæ сабиимæ (чызг æмæ лæппуимæ) ралыгъдис Алагирмæ, æмæ сæ тых-тухитæй схъомыл кодта.

Иваны ‘взонг уæхсчытыл æруæз кодтой нæлгоймаджы зын куыстытæ. Царды зынвадæттæ фæроггæдæр кæныны тыххæй Иван сфæнд кодта рагацау исты дæсныйад райсын æмæ фæллой кæнын. 1954 азы дæс къласы фæуыны фæстæ бацыд ахуырмæ Ростовы техникон училищæмæ. Райста дзы наладчикы дæсныйад æмæ уым, хъæууонхæдзарадон техникæ аразæн завод «Красный Аксай»-ы акуыста дыууæ азы.

Сыздæхт хъæмæ æмæ уайтагъд куысты фæлæуyыд машинæтæ цалцæггæнæн æрмадзы, механикон цехы. Уæдмæ Алагиры 1959-1960 азты сындæггай скуыста Алагиры сопротивлениты завод. Ам тынг хъуыдис цæттæ специалисттæ, æмæ Иваны райкомы уынаффæмæ гæсгæ раивтой ног заводмæ, æмæ дзы ссис фыццагдæр кусджыты къордæй иу. Фæстагмæ та – пенсийы рацæуыны афон – заводы ветеран.

Райдианты акуыста наладчикæй, фæлæ, Хæххонметаллургон техникум фæсауyонмæ каст куы фæци, уæд æй раивтой механичы куыстмæ. Ам рабæрæг сты Гамайы-фырты куыстуарзондзинад æмæ дæсныйады арæхстдзинад. Цыбыр рæстæгмæ ссис социалистон ерысы уæлахиздзау, йæ хуызист бакодтой заводы Кады фæйнæгыл, йæ ном хаст æрцыд заводы Кады чиныгмæ. Фондзазоны пълан цыппар азмæ сæххæст кæныны тыххæй та йæ хуызист конд æрцыд районы фæллойады раздзогтимæ Намысы аллейы. Йæ ном хаст æрцыд чиныгмæ «Гордость Алагирского района», районы депутатты æмбырды уынаффæйæ йын саккаг кодтой Алагиры районы Кадджын ветераны ном.

Фæллойады бæрзонд æнтыстдзинæдты тыххæй хорзæхгонд æрцыд паддзахадон æмæ æндæр алыхуызон хæрзиуджытæй. Уыдонимæ – Кады нысаны орден, Хæсты заман æнувыд фæллойы тыххæй, Ирыстоны Намысæн, Фæллойы ветераны майдантæй, Ленины юбилейон майданæй, Коммунистон партийы республикон Кады грамотæйæ.

Ног заводмæ ныггуылф кодта куыстхъом фæсивæд, фæлæ сæм дæсныйад кæй нæ уыд, уый тыххæй сæ заводы специалистты æххуысæй хъуыд ахуыр кæнын. Æмæ Иван дæр иу æмæ дыууæйы нæ сахуыр кодта йæ дæсныйадыл. Саккаг ын кодтой фæсивæды раст фæндагыл аразæг – «Зондамонæг»-ы ном.

Ацы ахсджиаг архайд ын нæ бамынæг, пенсийы куы рацыд, уæд дæр. Районы Ветеранты советы уæнг уæвгæйæ, Гаматы Иванæн бастдзинад уыд скъолаинтернатимæ, уым дæр хъомыладон куыст кодта ахуырдзаутимæ. Кастис сын йе ’мдзæвгæтæ, дзырдта сын, цæмæй дзурой мадæлон æвзагыл, уа сæм æгъдау, æфсарм, зоной кад кæнын хистæртæн, уарзой Фыдыбæстæ.

Гамайы-фыртæн арфæйаг сты йе сфæлдыстадон æмæ æхсæнадон сæрæн архайд дæр. У хæдахуыр поэт, йе ‘мдзæвгæтæ æртæ чиныгæй рацыдысты, фыст сты мадæлон æвзагыл. Сæ тематикæ у бирæвæрсыг, фæндаг ссардтой поэзи уарзджыты зæрдæтæм.

Къостайы æмбисонды æмдзæвгæтæ Иваны сразæнгард кодтой тæлмац кæнынмæ дæр æмæ йын йæ уырыссаг æвзагыл фыст æмдзæвгæтæй æвддæс ратæлмац кодта ирон æвзагмæ, бахаста сæ чиныг «Мæ фæззыгон най»-мæ. Фыссы зарджытæ дæр. Йæ уарзон Алагирыл цы патриотон зарæг ныффыста, уый зарынц Алагирæй рацæугæ дæсны зарæггæнджытæ Фардзинты Батрадз, Гæбуты Светланæ æмæ Зæнджиаты Мæдинæ. Зарæг бацыд Радио «Алании»-йы фонотекæмæ.

Йе сфæлдыстады фæд бæрæг дары журнал «Мах дуг»-ы, газеттæ «Рæстдзинад», «Стыр Ныхас» æмæ «Сæуæхсид»-ы фæрстыл. Иван йе ‘мдзæвгæтæй цалдæр бавдыста журнал «Мах дуг» дунеон премийы конкурсмæ, æмæ йæ схорзæхджын кодтой сæрмагонд дипломæй, ирон литературæйы рæзтмæ аккаг æвæрæн кæй хæссы, уый тыххæй.

Иван баййæфта бирæ зынтæ, цы – хæсты заман, цы – æххормаг рæстæджы, цы – фæсхæст, фæлæ нæ фæцудыдта. Гамайы-фырт куыд адæймаг, у уæззау зондыл хæст, адæмуарзон, æмгарджын, цæстуарзон, фæлмæнзæрдæ. Маст æмæ дзы æфхæрæн ныхас ничи зоны. У бинонтæн, сыхбæстæн, хъæубæстæн уарзон адæймаг, куырыхон хистæр. Йæ дæле ис æртыккаг фæлтæры кæстæртæ, нымайы сæ йæ ныфс æмæ йæ хъæздыгдзинадыл, цæры сæ цин æмæ сæ цæрайæ.

Зæрдæйæ тыхсы нæ мадæлон æвзагыл, нæ ирондзинады хъысмæтыл. Уый бæрæг у йе сфæлдыстады дæр. Бæрзонд хæссы фыдæлты кад æмæ намыс, нæ ирондзинад. Иваны дæргъвæтин арфæйаг цардвæндаджы истори æрбæстон Алагиры, Зæнджиаты Бæбуйы номыл музейы архивы, ам сæнусон йæ фарн. Ахæм разагъды лæгтæ сты фæзминаг кæстæр фæлтæрæн.

**КЪАБОЛАТЫ Юри,**
**Алагиры районы Ныхасы сæрдар**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Мæ фиппаинæгтæ æмæ зæгъинæгтæ...

*«Æз уарзын цард йæ цинтæ ’мæ йæ хъыгты,*
*Цы ма уа цардæй а зæххыл хуыздæр...»*

**Ацы ныхæстæ бакастæн кæддæр газеты, тынг рæсугъд сты, нæхæдæг сæ куы нæ зыгъуыммæ кæниккам, уæд. Æрмæст телеуынынады рекламæтæй адæймаг хъуамæ кæдæм фæлидза... Дæ зæрдиаг кастмæ куы бахæццæ уай, уæд та рекламæ, уагæры сын цавæр æхцатæ фидынц? Æмæ чи кæсы телевизормæ. Мæнæ мæн хуызæн зæрæдтæ, æмæ мах уыцы рекламæтæ æмæ хæлд кинотæ цæмæн хъæуынц, æрыгæтты та телефонтæ æмæ компьютертæй уыдæттæм не ’вдæлы. Радио бакæн, хæрздиссаг та уым сты рекламæтæ.**

Æдзух ирон æвзаг, ирон æвзаг кæнæм, хъуыддагæй та ницы аразæм, куыд ис уымæн уæвæн, æмæ, ирон адæймаг уæвгæйæ, иронау ма дзурай. Турчы цæрæг ирæттæ дæр ма Турчы цæргæйæ иронау дзурынц. Æппæты разæй уый аразгæ у бинонтæй, уæлдайдæр – мадæй. Уый фæстæ – рæвдауæндон æмæ скъолайæ.

Уæдæ ма скъолаты ирон æвзаджы уроктæ фæфылдæр кæниккой, стæй ахуырдзаутæ фæлварæнтæ дæттиккой. Стæй, астæуккаг æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæттæм цæугæйæ дæр, ирон æвзагæй фæлварæнтæ скæнын хъæуы. Иу диссаг та ма уый у, телеуынынадæй ирон æвзаджы тыххæй уырыссагау дзурдзысты, уæд цымæ сæхимæ худæг нæ фæкæсы, цымæ нæ иннæ адæмыхæттытæ цы сходынц.

Райсæм-ма нæ ирон чындзæхсæв, мæ цæстытыл уайы, куыд рæсугъд æмæ-иу аив кафыдысты фæсивæд, куыд-иу симдтой, ныр симгæ дæр никæйуал фендзынæ, стæй кафгæ дæр...Кæд уыдис æххуырсгæ музыканттæ æмæ официанттæ. Ныр та? Сых-иу, æз фæраздæронæй, лæггад кодтой, чи цæмæ арæхст, уымæй. Куыд-иу зарыдысты фæсивæд, адæймаг сæм хъусынæй не ’фсæст.

Диссаг та нæ зианы фынгтæ басгуыхтысты. Кæд æвæрдтой зианы фынгыл дзыкка? Дзуары бæласы бынмæ йæ куы хастой чъириты сæрыл. Иннæ ахæм – хъæдур, кæд фыхтой зианы рæстæг хъæдур? Уæдæ сылгоймæгты фынгыл водкæ куы æрæвæрынц, уæд уый куыд фидауы?

Хистæр сылгоймæгтæ-иу фæсауyон хицæнæй æрбадтысты, фæлæ ныр кæцытæй стæм, уый бæрæг нал ис. «Аланты Ныхас» уыдæттæм йæ хъус цæуылнæ дары, ма æвæрæнт сылгоймæгты фынгыл водкæ, кæд гæнæн нал ис, уæд дзы цалдæр сæны авджы æрæвæр. Бынтон диссаг та æрыгон сылгоймæгтæ вæййынц. Тагъдтагъд сæхи алцæмæй дæр афсадынц, фæгæппытæ кæнынц æмæ уæртæ фæуайынц.

О, сыстæнт, æнæуи дæр афтæ фæзæгъынц, зианы фынгæй, дам, раздæр хъуамæ кæстæртæ сыстой, цæмæй ахæм хабæрттæй хызт уой. Цины фынгæй та хистæртæ хъуамæ сыстой, цæмæй кæстæртæ фылдæр цины хабæрттæ кæной æмæ уыной. Фæлæ алцы дæр кæнын хъæуы, куыд æмбæлы, афтæ.

Уæдæ цавæр дарæсы æрбацæуынц зианмæ иуæй-иутæ, къæрццарæзтæй, ахуырст былтæ, сæ телефонтæ – сæ къухты. Уыдоны зианы мæт ис? Сæ ныхасæн та кæрон нал вæййы. Ирон сылгоймаг кæддæриддæр бæрæг дардта йæ æгъдау æмæ æфсармæй æмæ ма худинаг кæнæм нæхи.

Уæдæ ма нæ демографийыл дæр адзурæм. Сылгоймаг – чызг йæхи уæлдæр кæны нæлгоймагæй, хæлæф скодта, машинæйы руль йæхи бакодта, нозтыл нæ ауæрды, уæдæ тамако чи дымы, ахæмтæ дæр ис. Цавæр нæлгоймаг ма æрлæудзæн йæ ныхмæ, куы рæдийа, уæддæр. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ лæппутæ сæ ныфс нал хæссынц ус курынмæ, уымæн æмæ агурынц уæлвонгæй, æвиппайды хъæздыг цард. Æмæ æппæтæн сæ бон ахæм домæнтæ æххæст кæнын нæу.

Фæлæ уæддæр нæ фæсивæды иу барæныл абарæн нæй. Ис нæм, бæгуыдæр, тынг дзæбæх фæсивæд, сæ цæрæнбон бирæ, фæлæ æвзæрдзинад тынгдæр зыны.

Куыд нæ та зæгъон «Рæстдзинад»-ы тиражы тыххæй дæр. Худинаг æмæ аллайаг, мæнæ мæхуызæн зæрæдтæ куы нал уой, уæд ма йæ чи фысдзæн æмæ кæсдзæн? Йæхæдæг дæр иронау чи нæ зоны æмæ йæ сывæллонмæ дæр иронау чи нæ дзуры, уыдон? Ног азы дæр æмæ райгуырæн бонты дæр зынаргъ лæвæрттæ кæныны бæсты ма «Рæстдзинад»-ы квитанци балæвар кæн, цымæ куыд уаид.

Бирæтæ, постхæсджытæ сæм кæй нæй, уый тыххæй нæ фыссынц газеттæ. Капеччытæ фидынц постхæсджытæн, иугай лидзынц сæ куыстæй, ноджы ма сын цыдæр уæййаг товартæ се ’ккой скæнынц...Нæ сыхы номæй дæр, мæхи номæй дæр мæ бузныг зæгъын фæнды нæ постхæссæг **Колыты Галинæйæн**. Афоныл нæм хæццæ кæны нæ газеттæ æмæ пенситæ, йæ иунæг сæдæ бауæд йæхи фæндиаг, гъе уый йын нæ зæрдæ зæгъы.

Куыд нæ та зæгъон хæсты сывæллæтты тыххæй дæр. Сывæллæттæ, зæгъгæ, ныр дадатæ æмæ нанатæ стæм, æнхъæлмæ кæсгæйæ базæронд стæм, уæддæр иу капеккæй æххуыс нæ федтам нæ хицауадæй. Чидæртæ та дзы милуантæй нæ, фæлæ миллиардтæй нымайынц сæ æфтиæгтæ. Мах дæр уал æнхъæлмæ кæсдзыстæм, уæдмæ кæд дурджын бæстæм ацæуиккам, æмæ нæ фервæзиккой.

Зæгъинæгтæ – бирæ, газеты цыппар фарсы дæр сын не сфаг уыдзысты, фæлæ æгъгъæд фæуæд. Кæд исты раст нæ загътон æмæ рæдийын, уæд хатыр, æз цæттæ дæн газеткæсджыты уайдзæфтæ райсынмæ. Табуафси.

«Рæстдзинад», зон æй, дæуæй хуыздæр æмбал мын нæй, æмæ та дын мæ хъæстытæ фæкодтон.

**ХОСРОТЫ Заремæ,**
**Джызæлы цæрæг**

Спортивон фидиуæг



Лæгæй-лæгмæ тохтæ

# Сырæзæнт нæм ног чемпионтæ

**Ивгъуыд сабат æмæ хуыцаубоны (28 февраль æмæ 1 мартъийы) Хъуылаты Бадзийы номыл спортивон галуан «Манеж»-ы лæгæй-лæгмæ тохты дыууæ хуызы – каратэ æмæ КОМБАТ-æй цыдысты гом республикон турнир «Аланийы Кубок»-ы ерыстæ. Ирыстоны спортсментæй уæлдай ма сæ архайдтой Дагестаны, Кæсæг-Балхъары Республикæ æмæ Стъараполы крайы минæвæрттæ.**





Дыууæ боны тохты æдæппæтæй архайдтой 487 спортсмены. Каратэйæ цы дыууæ хуызы цыдысты ерыстæ, уыдонæй иуы лæппутæй уæлдай архайдтой чызджытæ дæр.

Каратэйы фыццаг хуыз (хъахъхъæнæн фæрæзтимæ) ерыс кодтой фондз кары (8-9,10-11, 12-13, 14-15, 16-17-аздзыдтæ). Æппæт карты дæр тохтæ рауадысты цымыдисаг. Трибунæйы уæвæг спортуарзджытæ сæ æмдзæгъд æмæ æмхъæлæсæй сидтытæй разæнгард кодтой æрыгон спортсменты. Командæты 'хсæн 1-3-аг бынæттæ бацахстой: 1-аг Къах-къухтæй æфсæддон хуызы тохты федерацийы клуб, 2-аг бынатмæ рацыд клуб «Колизей»-йы (Октябрыхъæу) командæ, 3-аг та ссис Дзæуджыхъæуы клуб «Хохаг»-ы командæ.

Каратэйы æнæ хъахъхъæнæн дзаумæттимæ тохты 1-аг бынат рамбылдта Мæздæджы командæ, 2-аг бынатмæ рацыд Пятигорскы командæ, 3-аг та систы Минводы минæвæрттæ.

Лæгæй-лæгмæ тохты æфсæддон хуыз «КОМБАТ-ММА»-йæ ерыстæ рауадысты уæлдай цымыдисагдæр. Кæронбæттæны тохтæ цыдысты авд уæзы тæны фембæлдысты Давид Богданов æмæ Пæррæстаты Олег. Сæ тохы фæуæлахиз клуб «Алани-Атлетик»-ы хъомылгæнинаг Пæррæстайы-фырт.

Хъазуатон тохы ацыд 66 кг онг уæзы клуб «Панчер»-ы минæвар Туаты Эльбрус æмæ Багаты Сосланы (клуб «Панчер») фембæлд. Сæ æмцаг раунды æмæ хорзæхджын ссис уæлахиздзауы ронæй.

Уæззау уæзы (+93 кг) кæронбæттæны фембæлдысты лæгæй-лæгмæ тохты æфсæддон хуызæй РЦИ-Аланийы æмæ Цæгат Кавказы федералон зылды чемпион, клуб «ФАРАБ»-йы хъомылгæнинаг Гаситы Альберт æмæ уæгъдибар хъæбысхæстæй Мæскуыйы чемпион, клуб «Вальхалла»-йы хъомылгæнинаг Челæхсаты Алан. Сæ тох бирæ нæ ахаста. Дыууæйæ дæр кæрæдзийæн тыхджын цæфтæ нык-кодтой, фæлæ Челæхсаты Алан ахæм уавæры разынд фæразондæр æмæ йæ ныхмæлæууæджы тæссаг уавæрмæ æрæппæрста. Йæ уæззау цæфтæ цæмæй æгæр ма бахъыгдарой йæ ныхмæлæууæджы, уый тыххæй тох урæд æрцыд, æмæ уæлахиз раттой Аланæн.



æмæ дзы алкæцыйы дæр уыд, цæуыл бадис кæнай, ахæм æнæнхъæлæджы фæзындтæ. Фыццаг октагоны фембæлдысты æрыгон кары (16-17 азы) лæппутæ Хозиты Константин æмæ Сиукъаты Давид. Сæ тох цыд æртæ раунды, æмæ сæ чи фæуæлахиз уыдзæн, уый кæронмæ дæр зын зæгъæн уыди.

Ныхмæлæуджытæ равдыстой хорз цæттæдзинад æмæ сæ дыууæ дæр уыдысты уæлахизы аккаг, фæлæ чысыл рæстдзæвиндæрыл нымад æрцыд Сиукъаты Давид, æмæ йын лæвæрд æрцыд уæлахиздзауы рон.

Ас спортсменты ерысты 61 кг онг уæзы кæронбæттæны дых тохы уæлахиз лæвæрд æрцыд Багайы-фыртæн.

Бирæ нæ ахаста 77 кг онг уæзы Сæбанты Хетæг æмæ ахæм ерысты фыццаг хатт архайæг Хамыхъоты Валерийы тох. Физикон æгъдауæй хорз цæттæ Хамыхъойы-фырт тохы фыццаг минутыл æвиппайды фæцарæхст æмæ йæ ныхмæлæууæджы хурх ацахста. Афтæмæй тох ахицæн иу минуты фæстæ.

Афтæ рауад 93 кг онг уæзы кæронбæттæны тох Евразийаг хъæзтыты 2-аг бынат бацахсæг Бирæгъты Чермен (клуб «Колизей») æмæ ацы тохты фыццаг хатт архайæг Зембатты Георгийы фембæлд дæр. Чермен фæуæлахиз фыццаг раунды æмæ хорзæхджын ссис уæлахиздзауы ронæй.

Командæты 'хсæн 1-3 бынæттæ бацахстой: 1-аг клуб «Панчер» (Дзæуджыхъæу), 2-аг клуб «Вальхалла» (Дзæуджыхъæу), 3-аг – клуб «Хохаг» (Дзæуджыхъæу).

Турниры уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ хорзæхджын систы майдантæ, Кубоктæ, грамотæтæй.

Ерысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ æвзæрст цæуынц, апрель æмæ майы цы афæдзы сæйраг ерыстæ цæудзæн, уым нæ республикæйы номæй чи хæцдзæн, уыцы лæппутæ æмæ чызджытæ.

Турниры сæйраг араджытæй иу, зындгонд тренер, РЦИ-Аланийы каратэйы федерацийы разамонæг Таймазты Игорь загъта: «Нæ турнир ацыди æнæкъуыхцыйæ, æмæ уый тыххæй бузныг зæгъæм, нæ фарсмæ чи æрбалæууыд, уыдонæн се 'ппæтæн дæр – нæ республикæйы Физикон культурæ æмæ спорты министрад, нæ федерацийы уæнгтæ, спортивон галуаны, медицинæйы, мидхъуыддæгты министрады кусджытæ. Нæ ерысты ма хъуамæ архайдтаиккой ноджы фылдæр спортсментæ, фæлæ нæ хуссарирыстойнаг æфсымæртæн сæ фæндаг æхгæд æрцыд, æмæ сын рацæуынæн фадат нал уыд. Турниры ацыд пайдайы хос уыди нæ спортсментæн. Ерысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ равзардзыстæм, каратэйæ Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсынил ерыстæм чи ацæудзæн, уыцы спортсменты. Лæгæй-лæгмæ тохты æфсæддон хуыз «КОМБАТ»-æй та сбæрæг кæндзыстæм, майы Уфайы Евразиаг хъæзтыты архайджыты. Уыцы хъæзтыты нæ фæсивæд уыдзысты тыхджындæртимæ. Зæгъæм, мænæ абон октагоны тæрхонгæнæг чи уыд, уый, Багаты Сæрмæт, ссис уыцы хъæзтыты чемпион. Нæ зæрдæ дарæм, нæ фæсивæд та ацы хатт дæр хуыздæртимæ кæй уыдзысты, уыл. Уыдонæн ис, кæй бафæзмой, спорты ахæм хъайтартæ. Сæ иу у, ацы ерыстæ саразыныл зæрдиагæй чи архайы, уый, Хъыбызты Юри. Уымæн бантыст дыууæ хатты дунейы чемпион суæвын, скæсæйнаг лæгæй-лæгмæ тохты Уæрæсейы чемпионы ном та къорд хатты рамбулын. Фæнды нæ ног дунейы чемпионтæ бацæттæ кæнын æмæ ууыл кусдзыстæм».

Сæххæст уæнт уæ хуыздæр фæндтæ!

**БАСКАТЫ Уырызмæг, авторы ист къамтæ**

## *Арфæ*
## *Хетæгкаты Хазбийы чызг Зæлинæйæн*



***Æрцыдис нæм уалдзæг. Хур йæ ирд цæстæй ныдзагъыр зæхмæ, тавы йæ хъарм тынтæй æппæт дуне, адæмы цæсгæмттæ райынц, цин кæнынц цъæх уалдзæджы æрбалæудыл.***

***Царддæттæг уалдзæг, Уæлахизы уалдзæг! Уæлдай стырдæр æхсызгондзинад хæссы адæмæн йæ рæсугъд бæрæгбæттæй.***

***Уалдзæг æмæ сылгоймаг. Уыцы дыууæ дзырдæн рагæй нырмæ дæр нæй фæхицæнгæнæн. Уалдзæджы къæсæрæй куы бахизæм, уæд, фыццаджыдæр, мах фæбæрæг кæнæм Сылгоймæгты дунеон бæрæгбон.***

***Уалдзæджы рæсугъддæр бæрæгбоны фæдыл мах, 11-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ, зæрдиаг арфæ кæнæм 8 Мартъийы кадджын бæрæгбоны фæдыл скъолайы сæргълæууæг фæлмæн, уæздан, бæркадджын, нæртон сылгоймаг Хетæгкаты Хазбийы чызг Зæлинæйæн. Зæрдæхъæлдзæг æмæ йыл арфæйагæй куыд сæмбæлай, уыцы амонд дæ хай. Бæрæгбоны хорзæх дæ уæд! Царды æппæтæй зынаргъдæр сты æнæниздзинад, сабырдзинад, бинонты амонд, æмæ сæ хайджын у!***



***11-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ***

Равдыст

# «Уалдзæджы ахорæнтæ»

**Сылгоймæгты æппæтдунеон бон – 8 Мартъийы бæрæгбоны агъоммæ Цæгат Ирыстоны Нывгæнджыты цæдисы равдыстыты залы кадджын уавæры байгом республикæйы нывгæнджыты куыстыты равдыст «Уалдзæджы ахорæнтæ».**





Экспозицийы сты регионы æхсай æртæ нывгæнæджы сæдæ фæндзай хуыздæр куысты. Нырыккон нывкæнынады алыхуызон æууæлтæ æмæ техникæйæ фыст уацмыстæ равæрдтой Уæрæсе æмæ Ирыстоны адæмон, стæй сгуыхт нывгæнджытæ. Сæ нæмттæ зындгонд кæмæн сты, уыдоны куыстыты фарсмæ сты æрыгон курдиатджын нывгæнджыты нывтæ. Сæ иутæн ацы равдыст у фыццаг. Фидарæй зæгъæн ис, равдысты сконды ирдæй кæй зынынц авторты уæрæх аивадон цæстæнгас æмæ нывкæнынады хицæн æууæлтæ.

Уацмысты тематикæ арæзт у уалдзæджы мотивтæй: æрдз куыд райхъал, æрдзы нæуæгдзинад уалдзæджы фыццаг дидинджыты, алфамбылай дунейы раивд, стæй эстетикон бæрæгбон æмæ сылгоймаджы рæсугъддзинад. Равдысты сылгоймæгты сурæттæ уæлдай бынат ахсынц, уыдон гом ахсджиагдæр цаутæй иу. Йæ нысан – æрбацæуджытæн бæрæгбон саразын, балæвар сын кæнын ногдзинад æмæ циндзинады æнкъарæнтæ, кæнынц йæ удысконд, йæ тых, уарзæгойдзинад æмæ удцырын. Равдыстмæ 'рбацæуæджы раз сыстынц нывкæныны, графикæ, скульптурæ æмæ фæлындыны-къухæйконд аивадон куыстытæ. Арæзт сты нывкæнынады алы хуызты.

Æстæм мартъийы агъоммæ уалдзыгон равдыст суыдзæн республикæйы культурон царды цæмæй, банкъарой ирон нывкæнынады аивад куыд уæрæх æмæ хъæздыг у, уый. Æрвылбон, Нывгæнджыты цæдисы равдысты залмæ 10-18 сахатмæ ис æрбацæуæн æмæ уыцы æнкъарæнтæ бавзарæн.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, къамтæ систа МÆРГЪИТЫ Таймураз**


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

## Адæмæн зонинаг



**4 мартъийы 10 сахаты æмæ 40 минутыл Дзæуджыхъæуы фæлварæн уагæй сбæлвырд кæндзысты адæмæн хабæрттæ хъусын кæныны системæты куыст.**

**«Фæдисы сигнал фехъусæг дзæуджыхъæуккæгтæн фæдзæхсæм сабыр уæвын. Адæмæн хабæрттæ хъусын кæныны фæрæзтæ фæлварæн уагæй кæй скусын кодтам, стæй, уæвæн кæмæн ис, адæмæн хабæрттæ хъусын кæныны системæ ахæм æнæнхъæлæджы уавæртæн дзуапп раттынмæ цæттæ у æви нæ, адæмæн хабæрттæ хъусын кæныны фæрæзтæ уый рабæрæг кæнынæн кæй скуыстой, уыдæттæ уæ зæрдыл дарут», – фыст ис Дзæуджыхъæуы администрацийы хъусынгæнинаджы.**

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**

Хæстæджытæ æмæ хиуæттæ хъыгзæрдæйæ хъусын кæнынц

**ХЕТÆГКАТЫ Хетæджы фырт Алексей**

кæй амард, уый тыххæй.

Зиан рахæсдзысты 5 мартъийы, Степан Разины уынджы 9-æм хæдзарæй.



Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Гаглойты Наташæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2787. Заказ № 210. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**